

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### **5.1. Kacindekan**

Dina prosés panalungtikan kapanggih sababaraha hal nya éta tina hasil panalungtikan ngeunaan patempatan ngabuktikeun yén cara masarakat méré ngaran tempat lolobana kapangaruhan ku unsur carita rayat.

Dumasar kana hasil analisis jeung deskripsi dina bab IV, silsilah ngaran ngaran tempat nu aya di Kota Tasikmalaya bisa dicindekeun saperti dihandap ieu.

1. Sistem méré ngaran patempatan di Kota Tasikmalaya umumna dicokot tina carita rayat anu aya dimasarakat. Sacara umum tina hiji carita rayat ngaruntuykeun sababaraha ngaran tempat.
2. Ngaran tempat anu geus ditalungtik dikelompokeun kana opat aspék, nya éta aspék fisikal, aspék sosial, jeung aspék kultural. Aya 21 (48,84%) ngaran tempat anu kapangaruhan ku aspék fiskal kalawan kabagi kana opat unsur, nya éta: 9 ngaran tempat kaasup kana unsur hidrologis, 5 ngaran kana unsur géomorfologis, jeung 7 ngaran kaasup kana unsur biologis. Ngaran tempat anu kapangaruhan ku aspék sosial aya 3 (6,97%). Ngaran tempat anu kapangaruhan ku aspék kultural aya 19 (44,18%). Dina pengelompokan ngaran tempat aya sababaraha ngaran tempat anu asup kana dua aspék, nya éta ngaran Awipari, Awiluar, Cikaréo, jeung Cikatuncar.

3. Ieu hasil panalungtikan lima carita anu bisa dilarapkeun kana bahan pangajaran di SMA, utamana anu patali jeung pangajaran maca carita buhun atawa dongéng.

## 5.2. Saran

Saréngséna ieu panalungtikan, aya sawatara saran kayaning ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, dina ieu panalungtikan nu dipedar ngeunaan silsilah méré ngaran tempat ngan di tilu kacamatan, ku kituna kudu aya panalungtikan nu leuwih jembar ngeunaan toponimi di Kota Tasikmalaya.
- 2) Pikeun pamaréntah di Kota Tasikmalaya kudu ngajaga ciri has anu patali jeung sajarah ngajanggélékna tiap daerah séwang-séwangan.
- 3) Pikeun kabéh instansi pamaréntah, kudu boga data-data administrasi nu lengkep dumasar ruang lingkup séwang-séwangan.
- 4) Pikeun masarakat utamana para sepuh-sepuh supaya nurunkeun deui carita ngaran kampung, supaya generasi satuluyna henteu pareumeun obor. Salian ti éta, supaya ka hareupna moal aya deui anu leungiteun tapak dina nanyakeun atawa nalungtik ngaran-ngaran tempat.